# QARAQALPAQ TIL BILIMINDE KÓRKEM SHIǴARMA TILINIŃ IZERTLENIWI

**Kadirniyazova B.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti*

Qaraqalpaq til biliminde folklorlıq dóretpelerdiń, qaraqalpaq klassik shayırları, sonday-aq, keyingi dáwirdegi kórkem sóz sheberleri shıǵarmalarınıń tillik ózgesheliklerin izertlew boyınsha bir neshe miynetler jazıldı. Atap aytqanda, folklorlıq shıǵarmalardıń tillik ózgesheliklerine baylanıslı Sh.Abdinazimovtıń[1], O.Bekbawlovtıń[2], A.Abdievtiń[3] dissertasiyalıq jumısların atap ótiwge boladı.

Qaraqalpaq ádebiyatı wákilleri shıǵarmalarınıń tilin izertlew eń dáslep XVIII-XIX ásirlerdegi klassik shayırlar tilin izertlewden baslandı. Eń dáslep E.Berdimuratovtıń Jiyen jıraw shıǵarmalarınıń tilin úyreniwge arnalǵan maqalası baspadan shıqtı [4]. Onda Jiyen Jıraw shıǵarmalarınıń tillik ózgeshelikleri birinshi ret lingvistikalıq kózqarastan izertlenip, ilimpaz Jiyen jırawdı qaraqalpaq jazba ádebiyatın baslawshı sıpatında bahalaydı.

Qaraqalpaq klassik shayırları Jiyen jıraw, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq hám Ótesh shıǵarmalarınıń tillik ózgeshelikleri D.Saytov tárepinen arnawlı izertlenip, ol bul temada 1971-jılı kandidatlıq dissertaciya qorǵadı hám 1989-jılı monografiyasın kitapsha etip járiyaladı [5]. Sonday-aq, avtor Berdaq hám Ájiniyaz shıǵarmalarınıń sózligin dúzdi [6]. D.Nasırov, O.Dospanov, A.Bekbergenov, D.Saytovlardıń avtorlıǵındaǵı 1995-jılı «Qaraqalpaq ádebiyatı klassikleri shıǵarmalarınıń tili» degen atamadaǵı miynet baspadan shıǵıp, miynette Jiyen jırawdan baslap, Ayapbergen shayırǵa shekemgi aralıqtaǵı shayırlardıń shıǵarmaları tiline tallaw jasalǵan [7].

Berdaq shıǵarmalarınıń tilin izertlewde H.Hamidovtıń ornı ayrıqsha. H.Hamidovtıń Berdaq shıǵarmalarınıń tili jóninde birqansha arnawlı maqalaları jazıldı, sonıń menen birge, 1974-jılı jazılǵan ocherkinde, 1985-jılı jazǵan qollanbasında, 1986-jılı jazǵan monografiyasında bul temaǵa ayrıqsha toqtap ótken [8]. Ásirese, onıń 1995-jılı «Рукописные наследие Бердаха» kitabınıń basılıp shıǵılıwı ullı shayırımızdıń jazǵan dóretpelerin arab álipbesindegi variantları menen keń jámiyetshiliktiń jaqınnan tanısıwın ushın úlken áhmiyetke iye boldı. Onda shayırdıń «Shejire», «Xorezm» shıǵarmalarınıń fonetika-morfologiyalıq sıpatlaması, shıǵarmalarınıń transkripciyası, rus tiline awdarması, sózlik hám qoljazbalardıń fotokopiyaları berilgen [9].

Berdaq shıǵarmaları tiliniń fonetikası, leksikası hám grammatikası prof. Sh.Abdinazimov tárepinen arnawlı izertlendi [10]. Onda shayır shıǵarmalarınıń tili Orxon-Enisey jazba estelikleri tiline hám házirgi qaraqalpaq ádebiy tiline salıstırılıp úyrenilgen. Onıń izertlewleriniń juwmaqları birqansha kitaplar bolıp basılıp shıqtı [11].

Ájiniyaz Qosıbay ulı XIX ásir qaraqalpaq klassik shayırlarınıń ishinde óziniń tillik baylıǵı, shıǵarmaları tiliniń ayrıqsha ózgeshelikleri menen belgilenedi. Ájiniyaz shıǵarmalarınıń fonetikalıq hám morfologiyalıq ózgeshelikleri G.Qarlıbaeva tárepinen arnawlı izertlenip, ol bul temada 2002-jılı kandidatlıq dissertaciya jaqladı hám 2012-jılı monografiyasın kitap etip járiyaladı [12]. Ilimpaz 2017-jılı Ájiniyaz shıǵarmaları tiliniń semantika-stilisikalıq ózgeshelikleri boyınsha doktorlıq dissertaciya qorǵadı hám usı dissertaciya tiykarında "Ájiniyaz shıǵarmaları tiliniń semantika-stilistikalıq ózgeshelikleri" atamasındaǵı monografiyası 2017-jılı jarıq kórdi [13].

XX ásir qaraqalpaq ádebiyatına belgili úles qosqan, sol dáwir qaraqalpaq álipbesiniń jaratılıwına tiykar salǵan shayır, dramaturg S.Májitov shıǵarmalarınıń tillik ózgeshelikleri boyınsha B.Dilanov 2012-jılı kandidatlıq dissertaciyasın qorǵadı [14]. Xalqımızdıń súyikli shayırı I.Yusupov shıǵarmaları tilindegi kómekshi atawıshlardıń qollanılıwı boyınsha G.Mámbetnazarovanıń monografiyası baspasózde jarıq kórdi [15]. I.Yusupov shıǵarmalarında kelbetliklerdiń stilistikalıq qollanılıw ózgeshelikleri boyınsha B.Yusupova 2001-jılı kandidatlıq dissertaciyasın qorǵadı [16]. Sonıń menen birge, I.Yusupov shıǵarmalarındaǵı frazeologizmlerdiń stillik qollanılıwı boyınsha G.Allambergenova filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı dissertaciyasın qorǵadı [17].

Kórkem shıǵarmalardıń tilin izertlewge arnalǵan sońǵı jumıslardan B.Ubaydullaevtıń kandidatlıq dissertasiyasın[18] kórsetiwge boladı. Onıń izertlew jumısında XIX ásirdegi klassikalıq ádebiyatı wákilleri Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq hám Ótesh shayır shıǵarmalarındaǵı almasıq sóz shaqabı óz aldına úyrenildi. A.Muwsaev shıǵarmalarınıń tili boyınsha Sh.Shamshetdinovtıń maqalası járiyalanıp, onda shayır shıǵarmaları tiliniń orfografiyası sóz etiledi[19]. Sonday-aq, sońǵı jılları kórkem ádebiy tildiń stillik ózgeshelikleri boyınsha E.Allanazarovtıń[20], B.Yusupovanıń[21] miynetlerin atap ótiwge boladı.

Sońǵı waqıtları G.Abdalievanıń "T.Qayıpbergenov shıǵarmaları tiliniń lingvopoetikalıq ózgesheligi" degen atamadaǵı monografiyası rus tilinde járiyalandı. Bul monografiyada jazıwshı shıǵarmaları tilindegi awıspalı mánili sózler, teńew hám epitetler, kórkem súwretlew quralları sıpatında frazeologizmlerdiń izertleniwi úyrenilgen[22].

I.Yusupov poemalarınıń lingvopoetikalıq analizi D.Erjanova tárepinen úyrenildi. I.Yusupovtıń poemalarında lingvopoetikalıq maqsette qollanılǵan sinonimler, antonimler, omonimler hám gónergen sózlerdiń ózgesheligin anıqlanǵan; poemalarda qollanılǵan frazeologizmler hám naqıl-maqallardıń kórkem teksttiń tásirsheńligi, kórkemligi hám obrazlılıǵın támiynlewdegi áhmiyetin kórsetip bergen; shayırdıń kórkemlew quralların (metafora, metonimiya, sinekdoxa, teńew, epitetlerden hám t.b.) paydalanıw sheberligi ashıp berilgen; shayırdıń kórkem dóretpeshilik procesin de tilden paydalanıwdaǵı individuallıǵı anıqlanıp hám qaraqalpaq tiliniń leksika-stilistikalıq rawajlanıwına qosqan úlesi tiykarlap berilgen[23]·

Z. Kazımbetovanıń dissertaciyalıq jumısı belgili shayır J.Izbasqanov shıǵarmalarınıń lingvopoetikalıq analizine baǵıshlanǵan. Jumısta shayır shıǵarmalarınıń fonetikalıq poetikası sóz bolıp, onda qosıq qurılısındaǵı fonetikalıq faktorlarǵa yaǵnıy teksttiń seslik shólkemlestiriliwindegi dawıslı hám dawıssız seslerdiń xızmeti – alliteraciya hám assonans qubılısları, sonday-aq seslerdiń poziciyalıq, kombinatorlıq ózgeriwi, fonetikalıq troplar; sonday-aq

shıǵarmalardaǵı sintaksislik-punktuaciyalıq poetikası máseleleri, sonnan kórkem tákirar hám onıń túrleriniń qollanılıwı yaǵnıy shayır J.Izbasqanov óz shıǵarmalarında oqıwshınıń dıqqatın awdarıw, aytılajaq pikirdiń tásirsheńligin arttırıw ushın kórkem tákirardan stillik maqsetlerde paydalanǵanın mısallar járdeminde túsindirgen. Qaratpa aǵzalardıń da poeziyalıq shıǵarmalarda pikirdiń tásirligin, ótkirligin arttırıw maqsetinde jumsalıwın J.Izbasqanovtıń qosıq dóretpeleri mısalında túsindirgen. Qaratpalar shıǵarmalarda stillik qollanılıwına qaray neytral, unamlı, unamsız, obrazlı, kúsheytilgen, gradaciyalıq, metaforalıq, ironiyalıq, perifrazalıq, sarkazmlik túrlerge bólip úyrenilgen. Jumısta shayır shıǵarmalarında kórkemlew quralların an qay dárejede paydalanǵanı, olardıń (kórkemlew qural túrleriniń) oqıwshınıń dóretpeden estetikalıq zawıq alıwdaǵı ornı, tásirlilikti arttırıwdaǵı xızmeti sıyaqlı máseleler talqısı islengen[24].

A.Nasırovanıń qaraqalpaq xalıq aytıslarınıń lingvopoetikalıq analizine arnalǵan dissertatsiyasında qaraqalpaq xalıq aytıslarınıń leksikalıq poetikası, grammatikalıq poetikası, poetikalıq semantikası analizlengen, házirgi dáwirdegi qaraqalpaq til biliminiń jańadan qáliplesip atırǵan jańa baǵdarı – lingvopoetika ushın aktual esaplanadı[25]. J.Buxarbaevanıń dissertatsiyalıq jumısı T.Mátmuratov poeziyasınıń lingvopoetikasın izertlewge baǵıshlanǵan[26].

Sh.A.Jolımbetovanıń dissertaciyalıq jumısında G.Dawletova shıǵarmaları tiliniń lingvopoetikalıq ózgesheliklerin, teksttegi leksikalıq til birliklerdiń poetikalıq semantikasın, kórkem-estetikalıq wazıypasın anıqlaw arqalı shayırdıń poetikalıq ózgesheligin kórsetip bergen[27].

Solay etip, qaraqalpaq til biliminde kórkem shıǵarmalardan házirgi kúnge shekem poeziyalıq shıǵarmalardıń analizi ilimiy baǵdarda islengen. Prozalıq shıǵarmalardıń lingvopoetikalıq analizine belgili jazıwshı Sh. Seytov mısalında G.Sadenovanıń dissertaciyalıq jumısı arnalǵan[28]. Bul jumısta Sh. Seytovtıń individual dóretiwshilik stiline tán ózgeshelikler anıqlanǵan hám onıń prozalıq shıǵarmalarındaǵı til quralların ıń stillik imkaniyatları ashıp berilgen.

Demek, qaraqalpaq til biliminde sońǵı waqıtları alıp barılıp atırǵan izertlewlerde kórkem tekstlerdi lingvopoetikalıq tárepten izertlewdiń ámelge asırılıp atırǵanlıǵı bir qansha dıqqatqa ılayıq máselelerden bolıp, bul tarawdaǵı alǵa ilgerilewler hám jańasha tarawǵa jańa qádemlerdiń qoyılıp atırǵanlıǵın kórsetedi.

**ÁDEBIYATLAR**


1. Абдиназимов Ш. Қырық қыз дәстанының лексикасы: Филол. илим. канд. ... дис... автореф. – Нөкис, 1992.
2. Бекбаўлов О. Қаҳарманлық эпостың араб-парсы лексикасы ҳәм оның тарийхый-лингвистикалық характеристикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.
3. Абдиев А. «Алпомиш» достони тилининг лексик-семантик ва стилистик хусусиятлари: Филол. фан. ном. ... дис. автореф. – Нукус, 2011.
4. *Бердимуратов Е.* Жийен жыраў шығармалары тили ҳаққында. // Ж. Әмиўдәрья. 1958. – №4. –Б.107-114.
5. *Сайтов Д.* Язык каракалпакских поэтов XVIII-XIX вв. Автореф. дис… канд. фил. наук. –Алма-Ата. 1971; XVIII-XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары шығармаларының тили. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
6. *Сайтов Д.* Бердақ ҳәм Әжинияз шығармаларының сөзлиги. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1970.
7. *Насыров Д.С., Доспанов О., Бекбергенов А., Сайтов Д.* Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларының тили. – Нөкис: Билим, 1995.
8. *Ҳамидов Ҳ.* Қарақалпақ тили тарийхының очерклери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1974; Ески қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1985; Каракалпакский язык XIX вв начало XX века по данным письменных документов. –Ташкент: Фан, 1986.
9. *Хамидов Х.* Рукописное наследие Бердаха. – Нукус: Билим, 1995.
10. *Абдиназимов Ш.* Язык произведении Бердаха. Автореф. дис. …докт. фил. наук. – Нукус, 2001.
11. *Абдиназимов Ш.* Бердақ дөретпелериниң фонетикасы. – Нөкис: Билим, 1994; Бердақ ҳәм қарақалпақ жазба әдебий тили. – Нөкис: Билим. 1997; Сөзлерим меръертдур айтылған ҳәр бир. – Нөкис: Билим, 1997; Бердақ шығармалары тили. – Ташкент: Фан, 2006.
12. *Қарлибаева Г.* Ажиниёз асарлари тилининг фонетик-морфологик тавсифи. Филол. фан. номз… дис. автореф. – Нукус. 2002.
13. *Қарлыбаева Г.* Әжинияз шығармалары тилиниң семантика-стилистикалық өзгешеликлери. Монография. – Нөкис: 2017. – В. 202.
14. *Диланов Б.Г.* С.Мажитовнинг ижоди ва қорақалпоқ адабий тили. Филол. фан. номз… дис. автореф. – Нукус. 2012. – 23 б.
15. *Мәмбетназарова Г.* Ибрайым Юсуповтың қосықларында дөренди атаўышлардың стильлик қолланылыўы. – Нөкис: 1994.
16. *Юсупова Б.Т.* Стилистическое использование прилагательных в художественным произведении (на материалах произведении И.Юсупова). Автореф. дис… канд. филол. наук. – Нукус, 2001.
17. *Алламбергенова Г.А.* И.Юсупов асарларида фразеологизмларнинг услубий қўлланилиши. Филол. фан. фалс. док. (PhD) дис... автореф. – Нөкис, 2019. – Б. 50.
18. Убайдуллаев Б. XIX аср қорақалпоқ мумтоз шоирлари асарлари тилида олмошларнинг лексик-грамматик хусусиятлари: Филол. фан. ном. … дис. автореф. – Нукус, 2006.
19. Шамшетдинов Ш. Аяпберген Муўсаев шығармалары тилиниң орфографиясы ҳаққында // Қарақалпақ тил билиминиң гейпара мәселелери ҳаққында. – Нөкис, 1994. – В.68–74.
20. Алланазаров Е. Қарақалпақ тилинде метафоралардың стильлик қолланылыўы (Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Т. Жумамуратовтың поэзиясы тийкарында): Филол. илим. канд. ... дис. түп нусқасы . – Нөкис, 2002.
21. Юсупова Б.И. Юсупов шығармалары тилинде келбетликтиң стильлик хызметлери. – Тошкент: Тафаккур қаноти, 2014.
22. Абдалиева Г. Лингвопоэтические особенности языка произведений Т.Каипбергенова. – Ташкент: Aloqachi, 2019. – 104 с.
23. Ержанова Д.К. Ибрайим Юсупов поэмаларининг лингвопоэтик таҳлили: Филол. фан. фалс. д-ри. (PhD). … дис. – Нөкис, 2022.
24. Казимбетова З.М. Ж.Избасқанов шығармаларының лингвопоэтикалық анализи: Филол. илим. филос. д-ры (PhD). … дис. – Нөкис, 2022.
25. Nasırova A.P. Qoraqalpoq xalq aytishevlarining lingvopoetik tahlili: Filol. fan. fals. d-ri (PhD). … avtoref. – Nukus, 2024.
26. Buxarbaeva J. J. T.Matmuratov asarlarining lingvopoetikasi: Filol. fan. fals. d-ri (PhD). … avtoref. – Nukus, 2024.
27. Jolımbetova Sh.A. G. Davletova asarlarining lingvopoetik tahlili: Filol. fan. fals. d-ri (PhD). … avtoref. – Nukus, 2025. – 56 b.
28. Sadenova G.P. Sh. Seytov nasrining lingvopoetikasi: Filol. fan. fals. d-ri (PhD). … avtoref. – Nukus, 2025.

*Qaraqalpaq til biliminde kórkem shıǵarma tiliniń izertleniwi*

***Annotaciya:*** Qaraqalpaq til biliminde folklorlıq dóretpelerdiń, qaraqalpaq klassik shayırları, sonday-aq, sońǵı dáwirdegi kórkem sóz sheberleriniń shıǵarmaları tiliniń izertleniliwi úyrenilgen.

***Tayanısh sózler:*** lingvistikalıq kózqaras, monografiya, teńew, epitet, antonim, omonim, gónergen sózler.

*Изучение языка художественных произведений в каракалпакском языкознании*

***Аннотация:*** В каракалпакском языкознании исследовался и изучался язык фольклорных произведений, произведений каракалпакских поэтов-классиков, а также мастеров художественного слова современного периода.

***Ключевые слова:*** лингвистический аспект, монография, сравнение, эпитет, антоним, омоним, устаревшие слова.

*The study of the language of literary works in karakalpak linguistics*

***Annotation:*** In Karakalpak linguistics, the study of the language of folklore works, works of Karakalpak classical poets, as well as works of artistic masters of the last period, has been studied.

***Keywords:*** linguistic perspective, monograph, simile, epithet, antonym, homonym, archaic words, lexico-stylistics.